



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Chè Paran:

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) rekonèt e regrèt difikilte elèv ak fanmi nou yo te genyen nan premye semèn lekòl la. Pandan te gen plizyè kalite pwoblèm teknik ki afekte koneksyon rezo ak platfòm K12 la, Distri a gen konfyans sou yon enplemantasyon ki ap pi fasil pou “My School Online” (Lekòl Mwen sou Entènèt) pou 2èm Semèn nan. K12 detèmine pou l fè yon seri tès sou amelyorasyon platfòm nan pandan tout semèn nan, e nou ap kontwole pwogrè yo depre jiska 11 septanm. Nan pwen sa a, Distri a ap detèmine si wi ou non li pral kontinye sèvi ak K12.

Nan yon efò pou jwenn bonjan enfòmasyon ki baze sou opinyon ou, pou nou kontinye amelyore K12 pou klas matènèl-5èm ane eskolè e ede amelyore eksperyans jeneral itilizatè ‘My School Online’ yo, nou vle tande ou. Distri a devlope yon sondaj pou paran timoun ki nan klas matènèl-5èm ane eskolè. Ou ka jwenn aksè sou sondaj la atravè Pòtal Paran an, e li disponib ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl. Pandan sondaj la pa gen yon dat final, nou ap ankouraje ou pou w bay kòmantè ou yo pi vit posib.

Pandan n ap prepare pou kòmanse 2èm Semèn 2 ansèyman ak aprantisaj la, nou vle remèsye ou pou patenarya ak pasyans ou kontinye demontre pandan n ap travay pou ofri yon pi bon kalite eksperyans ou te deja espere nan men M-DCPS. Si w ta rankontre pwoblèm teknik avèk ‘My School Online’, sonje kontakte lekòl pitit ou a oubyen rele Liy Asistans Aprantisaj a Distans la nan 305-995-HELP (4357).